

2 AF

Ecriture Reproduire lisiblement et correctement un court texte.

### Prezantasyon

Kote ti zanmi dezyèm lane yo. Eske nou t ap tann mwen ? Jodi a se yon ti rapèl sou kijan pou nou ekri mwen pote pou nou. Li en pòtan anpil pou pandan jou chita lakay sa yo ou ekri chak jou. Ou ka kopye nenpòt tèks ou jwenn nan liv ou. Epi tou ou ka rakonte nan yon kaye kòman ou viv jou sa yo.

### Objektif leson an

Jodi a nou prale sonje wotè lèt yo konsa lè n ap fè kopi yon tèks n ap respekte tout prensip ekriti yo. Men anvan m ap fè nou sonje kòman pou nou chita



### Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

Anvan tout kichoy an nou sonje bon atitid pou nou gen pou nou ekri

Verifye ou chita byen. Fò w byen dwat. Ou alèz sou chèz la epi tab la pa twò lwen w. Si pye w pa touche atè chache yon bagay ki pèmèt li repoze sou li. Blòk, ti ban, ti mamit penti vid...sa w jwenn depi li pèmèt ou chita dwat pou ekri. Epi sonje chita yo kote ou ka wè klè pou okenn lonbraj pa anpeche w ekri dwat sou liy !



Pwanyè ak tout koud ou yo byen poze sou tab la ; epi pwanyè a fè yo ti kenbe papye a.



Flèch wouj la montre w distans ant kaye w ki panche epi arebò tab la

Sonje byen kenbe kreyon osnon plim ou tou



**Ekri ak men ou pi alèz la ! Yo pa dwe fòse chanje men pou ekri.**


**Si w goche sa pa pwoblèm !**

Si w wè ou respekte tout sa nou soti di yo epi lè w konpare ak foto yo ou wè ou fè 10/10 nou ka kontinye. Si pou w ranje kò w fè sa.

### Leson an

Gen plizyè kategori lèt epi chak gen yon wotè nan liy kaye w lè w ap ekri. Nou ka di gen ti lèt, gen, lèt wo, epi gen lèt ki desann pi ba pase kote yo chita.

Premye ti imaj la ap pèmèt ou wè wotè tout lèt yo youn bò kote lòt.



Ou ka remake gen lèt alphabè kreyòl la ki pa la paske yo se 2 nan lèt ki la ki pèmèt ou ekri yo.

Lèt tankou a, e, i, o, u (ki nan ui) c (ki nan ch), r, m, n, s, v, w chita nan mitan 2 liy. Yo rele espas nan mitan 2 liy nan entèliy. Kidonk lèt sa yo chita nan yon entèliy.

A handwriting practice box with a dashed border and a grid of four horizontal lines. The top two lines are highlighted in red. The letters 'a', 'e', 'i', 'o', 'u', 'c', and 'r' are written in a cursive font on the red lines. Below the letters, the text 'nan mitan 2 liy' is written, followed by an upward-pointing arrow and '(yon entèliy)'.

A handwriting practice box with a dashed border and a grid of four horizontal lines. The top two lines are highlighted in red. The letters 'm', 'n', 's', 'v', and 'w' are written in a cursive font on the red lines. Below the letters, the text 'nan mitan 2 liy' is written, followed by an upward-pointing arrow and '(yon entèliy)'.

Lè w ap ekri lèt sa yo veye pou pa depase entèliy la.

Gen lèt ki wo. Lè ki an gri yo yo menm yo monte rive 3 entèliy. Men lèt tankou d ak t yo pa dwe pi wo pase 2 entèliy, yo an jòn nan foto a. F li se yon ka espesyal...li monte li desann. Li monte twa entèliy epi li desann pou 2. F koulè abriko nan foto a.



Dènye kategori a se lèt ki desann yo menm yo chita kò yo sou yon entèliy epi yo gen yon pye oswa yon ke kip ran desann 2 entèliy.



## **Konsolidasyon**

Kounye a nan kaye w ekri tout alfabè kreyòl la, wi tout 32 lèt nan lòd ou konnen resite a. Veye wotè lèt yo jan ou soti aprann yo a.

Kounye a verifye travay ou.

Eske tout lèt yo la. Konte pou gade si w pa manke youn

Eske ou respèktè wotè lèt yo

Si w rive fè sa enben bravo.

## **Verifikasyon**

Ouvri liv lekti ou sèvi lekòl, chwazi yon ti istwa ou te renmen. Epi kopye nan kaye w 4 fraz ladan. Mwen pa di kat liy non. Kat fraz sa vle di kat pati ki kòmanse pa yon majiskil epi ki fini pa yon pwen. Kounye a verifye travay ou :

Si w t ap ekri yon tèks, asire w tout lèt yo nan menm lòd pou chak mo. Epi lòd mo yo repete pou chak fraz.

Ou respèkte sans ekriti a sa vle di lè w t ap ekri ou soti agòch pou rive adwat

Ou respèkte liy yo ou ekri nan entèliy (ant liy ou dwe ekri a, ou pa depase)

Epi andedan mo yo , chak lèt kenbe men lòt

Jodi a mwen te pataje ak ou ti sekrè pou ekri byen, pwòp epi san traka. M ale ti zanmi mwen yo !